Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 14.2 MILYON DOLA POU EDE MINISIPALITE YO NAN MODÈNIZASYON AK AMELYORASYON SÈVIS TRANSPÒ PIBLIK NAN TOUT ETA A

L Ap Finanse yon Pati nan Angajman 435 Milyon Dola sou Senk An pou Transpò Piblik Minisipalite Banlye Rejyon Nò ak Sid yo

Envestisman an Soutni inisyativ "Sante Nan Tout Politik" Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te akòde 14.2 milyon dola bay 13 konte, vil ak otorite rejyonal yo pou modènize epi amelyore sèvis transpò piblik ki finanse nan nivo minisipal. Inisyativ sa ke Eta a finanse, ki fè pati yon pi gwo angajman 435 milyon dola sou senk an pou sèvis banlye nan nò ak sid eta a, ap amelyore konfòmite konsomatè atravè modènizasyon estasyon bis yo; deplwaman nouvo sistèm pèsepsyon pri biyè san kontak; ak acha nouvo veyikil aksesib ki ititilize enèji pwòp.

"New York kontinye lidè nan peyi a nan konstriksyon ak reparasyon enfrastrikti transpò ki pi pwòp, pi ekolojik epi pi adapte pou 21èm syèk la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Envestisman estratejik sa yo nan sistèm transpò yo ap ede diminye emisyon gaz efè sèr epi amelyore sèvis yo nan kominote sa yo, yon lòt fwa ankò k ap montre ke New York angaje pou konstwi yon avni ki briyan epi dirab."

Yo te chwazi pwojè ki anonse jodi a yo, atravè yon pwosesis apèl pou konpetisyon, ki antre kritè ki devlope nan kad inisyativ Gouvènè a pou fè Inisyativ Sante nan tout Politik (Health Across all Policies) Eta New York la pwogrese. Sante Nan Tout Politik se yon apwòch an kolaborasyon ki fè antre konsiderasyon sante nan elaborasyon politik yo nan tout sektè yo pou amelyore sante ak byennèt nan kominote yo.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo a, New York kontinye fè envestisman dirab epi istorik nan sante ak byennèt kominote nan nò eta yo. Nan pwosesis la, n ap rann kominote eta nou yo pi favorab pou transpò an komen, pi aksesib apye ak sou bisiklèt pase nan tout lòt moman nan istwa eta nou an".

Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena (Senate Transportation Committee) a, te deklare, "Anpil Moun New York depann de transpò piblik la chak jou nan semèn nan. Envestisman sa yo atravè eta a ap abouti sou rezo transpò piblik ki pi pwòp, pi sekirize e pi efikas. Mwen kontan ke Eta New York kontinye rekonèt enpòtans sistèm sa yo e l ap fè amelyorasyon yo yon priyorite prensipal".

Manm Asanble William Magnarelli, Prezidan Komite Transpò Asanble (Assembly Transportation Committee) a, te deklare, "Amelyorasyon sèvis transpò yo ofri rezidan yo nan eta a ede revitalize kominote nou yo epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans ekonomik. Se yon envestisman k ap abouti sou rezilta ki pozitif".

Men yon lis konplè 13 pwojè k ap resevwa finansman yo anba:

Southern Tier

- 1.5 milyon dola pou Konte Broome pou acha sistèm ak pus ki pèmèt pèsepsyon pri tikè san kontak.
- 1.5 milyon dola pou Konte Chautauqua pou acha charyo ibrid ak kabiran pwòp ak ekipman ki asosye.
- 405,000 dola pou Konte Tompkins pou acha yon bis elektrik a kabiran pwòp.

North Country

- 980,078 dola pou Konte Lewis pou acha nouvo bis a kabiran pwòp ak ekipman ki lye.
- 300,000 dola pou Konte Franklin pou acha nouvo bis a kabiran pwòp ak ekipman ki lye.
- 1.5 milyon dola pou Konte St. Lawrence pou acha nouvo bis a kabiran pwòp ak ekipman ki lye.
- 120,000 dola pou Konte Clinton pou ranplase epi modènize estasyon pasaje bis yo.

Long Island

- 1.5 milyon dola pou Konte Nassau pou acha yon sistèm entelijan pou faktirasyon tikè san kontak.

Mohawk Valley

- 135,000 dola pou Vil Gloversville pou acha nouvo bis a kabiran pwòp ak ekipman ki lye.
- 149,500 dola pou Konte Schoharie pou acha nouvo bis a kabiran pwòp ak ekipman ki lye.

Hudson Valley

- 3 milyon dola pou Konte Westchester pou acha bis elektrik ibrid a kabiran pwòp.
- 136,000 dola pou Konte Ulster pou acha bis elektrik a kabiran pwòp.

Rejyon Lwès New York

- 3 milyon dola pou Otorite Transpò Fwontyè Niagara a pou amelyorasyon nan sistèm enfòmasyon kliyan ak kominikasyon Metwo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU